

# FÈY ENFÒMASYON



YON ANONS KI SÒTI NAN DEPATMAN LOJMAN AK  
RENOUVÈLMAN NAN KOMINOTE NAN ETA NOUYÒK  
BIWO KONTWÒL LWAYE

## # 15 Chofaj ak Dlo Cho

### Chofaj ak Dlo Cho pou Batiman ki nan Vil Nouyòk yo

Daprè lalwa, pwopriyetè batiman yo dwe bay tout lokatè chofaj ak dlo cho nan nivo ki mansyone annapre yo:

#### Chofaj (Pandan sezon fredri a, Soti 1ye oktòb pou rive 31 me)

- Ant 6 a.m ak 10 p.m., chofaj la dwe omwen 68 degre Fahrenheit lè tanperati deyò a pi ba pase 55 degre;
- Ant 10 p.m. ak 6 a.m, chofaj la dwe omwen 62 degre Fahrenheit.

#### Dlo cho (24 sou 24, pandan tout ane a)

- Dlo cho k ap sot nan wobinèt la dwe toujou a 120 degre oubyen pi wo.
- Si yon benwa oubyen yon douch gen yon wobinèt ki anpeche dlo cho a depase 120 degre, tanperati ki pi ba pou benwa oubyen douch sa a se 110 degre.

Depatman Lojman Ak Renouvèlman Nan Kominote Nan Eta Nouyòk (DHCR) gen dwa pou l diminye pri lwaye pou nenpòt apatman ki gen lwaye l ki anba kontwòl nan Vil Nouyòk, lè l pa bay bon sèvis pou chofaj ak dlo cho. Lokatè yo ka depoze yon fòmilè ki rele "*Absans Chofaj Ak/Oubyen Dlo Cho - Aplikasyon Lokatè Pou Diminye Pri Lwaye*" a (Fòmilè DHCR HHW-1). Ou ka voye plent ki fèt pou apatman pa w la sou entènèt tou sou [www.hcr.ny.gov](http://www.hcr.ny.gov). Si gen plis pase yon lokatè ki ta renmen depoze yon plent, lokatè yo dwe ajoute ansanm ak fòmilè HHW-1 a oubyen depoze yon "*Aplikasyon Pou Diminye Pri Lwaye a Paske Sèvis yo Diminye Nan Tout Batiman an*" (Fòmilè DHCR RA-84). Aplikasyon ki fèt paske manke chofaj oubyen dlo cho yo, dwe mache ak yon rapò ki sòti nan ajans apwopriye nan vil la ki di pa gen ase chofaj ak dlo cho vre. Si DHCR wè pwopriyetè a pa bay kantite chofaj oubyen dlo cho li ta dwe bay, y ap mande pou l diminye nan pri lwaye a pou apatman ki gen lwaye yo ki fikse yo e li ka mande menm bagay la pou apatman ki anba kontwòl yo e pwopriyetè p ap gen dwa touche pou ogmantasyon nan pri lwaye a jiskaske l retounen bay sèvis la.

Lokatè ki gen lwaye yo ki fikse nan Vil Nouyòk yo ki depoze plent pou chofaj ak/oubyen dlo cho dwe rele **Sant Sèvis Pou Sitwayen nan 311**.

Yon ofisyè ki la pou fè Respekte Règleman nan Vil Nouyòk yo ap mennen ankèt sou plent ou fè a e l ap gen pou l sòti yon nòt ki di batiman an pa respekte règleman yo oubyen mande pou reparasyon fèt ann ijans pou sèvis yo ka retounen, si pwopriyetè a pa bay sèvis sa yo.

Si yon lokatè resevwa diminisyon nan lwaye nan men DHCR e li resevwa tou yon lòt rabè oubyen yon kredi lwaye akòz menm pwoblèm yo, lokatè a pa ka jwenn toulède avantaj yo menm lè.

### **Chofaj ak Dlo Cho pou Batiman ki pa nan Vil Nouyòk yo**

Nan pifò lojman ki anba ETPA yo, yon pwopriyetè dwe bay chofaj ak dlo cho antanke yon sèvis ki obligatwa. Si yon pwopriyetè pa oblije bay chofaj ak/oswa dlo cho, oubyen li peye chofaj la ak/oubyen dlo cho a pou lokatè a, lokatè a dwe asire l enstriksyon pou ogmantasyon yo a kòrèk. Komisyon Enstriksyon lokal la ka te gentan bay enstriksyon pou kay sa yo. (Gade Fèy Enfòmasyon # 26.)

Prezans fondamantal konsènan bay chofaj ak dlo cho nan komin ki anba ETPA yo mansyone nan Règleman Konsènan Swen Kay Nan Nouyòk la (PMC):

**Chofaj:** An jeneral, PMC a mande pou gen chofaj apati 15 septanm pou rive 31 me nan yon tanperati ki pa pi ba pase 68 degre Fahrenheit nan tout chanm ki gen moun ki rete ladan yo, douch ak twalèt.

**Dlo Cho:** An jeneral, PMC a mande pou gen yon kantite dlo ki sòti nan chak evye, twalèt, benwa ak kote pou fè lesiv nan yon tanperati ki pa pi ba pase 110 degre Fahrenheit.

Piske règleman pou chak zòn ka diferan, nou ankouraje lokatè yo ak pwopriyetè yo pou yo verifeye règleman konsènan batiman yo pou zòn pa yo pou obligasyon presi ki koresponn ak batiman yo.

Pou w fè yon plent si manke chofaj oubyen dlo cho, kontakte depatman ki responsab batiman nan komin nan oubyen Depatman Sante pou Awondisman an. Si pwoblèm nan kontinye pandan yon bon bout tan, ou ka depoze yon plent pou diminisyon nan sèvis yo nan Biwo Lwaye DHCR ki nan zòn ou an sou "*Absans Chofaj Ak/Oubyen Dlo Cho - Aplikasyon Lokatè Pou Diminye Pri Lwaye*" (Fòmilè DHCR HHW-1) pou yon apatman poukont li, oubyen yon "*Aplikasyon Pou Diminye Pri Lwaye a Paske Sèvis yo Diminye Nan Tout Batiman an*" (Fòmilè DHCR RA-84) pou yon plent pou tout batiman an. Aplikasyon ki fèt paske manke chofaj oubyen dlo cho yo, dwe mache ak yon rapò ki sòti nan ajans apwopriye nan vil la oubyen awondisman an ki di pa gen ase chofaj ak dlo cho vre.

Si DHCR wè pwopriyetè a pa bay kantite chofaj oubyen dlo cho li ta dwe bay, y ap mande pou l diminye nan pri lwaye ki fikse yo ak apatman ki anba kontwòl yo.

Si yon lokatè resevwa diminisyon nan lwaye nan men DHCR e li resevwa tou yon lòt rabè oubyen yon kredi lwaye akòz menm pwoblèm yo, lokatè a pa ka jwenn toulède avantaj yo menm lè.

*Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa èd, ou ka ale nan Biwo Lwaye Ki nan Komin ou an.*

**Queens**  
92-31 Union Hall Street  
6th Floor  
Jamaica, NY 11433

**Bronx**  
1 Fordham Plaza  
4yèm Etaj  
Bronx, NY 10458

**Lower Manhattan**  
25 Beaver Street  
New York, NY 10004

**Upper Manhattan**  
163 W. 125th Street  
5th Floor  
New York, NY 10027

**Brooklyn**  
55 Hanson Place  
6th Floor  
Brooklyn, NY 11217

**Westchester**  
75 South Broadway  
3yèm Etaj  
White Plains, NY 10601